

## Щапхъэу ягъэлъагъуэ

2-нэ нап.



## ХэхыпIэу 18 щылэжьащ

2-нэ нап.



## IуэрыIуатэ-дыщэ пхъуантэ

3-нэ нап.



## Махуэшхуэр Iэтауэ ягъэлъапIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№113 (24.239) ● 2021 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 22, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## Ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр

4-нэ нап.

# Республикэм и хэхакIуэхэм я фIэфIыныгъэр къагъэлъагъуэ

КЪЭРАЛ Думэм и депутатхэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ советхэм я депутатхэмрэ щыхах иужьрей махуэм КIуэкIуэ Казбек хэхыпIэ участкэ зыбжанэм щыIащ. Абы участкэ комиссэхэм хэтхэмрэ кIэлъыплъакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ икIи къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мы лъэхъэнэм абыхэм я лэжьыгъэм мыхьэнэ ин зэриIэр къыхигъэщхьэхукIащ.



Сыхьэт 15.00-м ирихьэлIэу республикэм Iэ щаIэтащ цIыху 419897-м, нэгъуэщIу жыпIэмэ, хэхакIуэхэм я спискэхэм иратхахэм я процент 77,86-м.

Вольнэ Аул къуажэм и администрацэм щылажьэ хэхыпIэ участкэм республикэм и Iэтащхьэр а къуажэм и цIыху нэхъ жыджэрхэмрэ нэхъыжьхэмрэ щахуэзащ. Псалъэмакъыр теухуауэ щытащ цIыхухэм Iэ зэраIэтым, къуажэр нэхъри зэIузэпэщ щIынымкIэ я мурадхэм, гъуэгухэм я щытыкIэм.

Шэджэм районым КIуэкIуэ Казбек щахуэзащ Яныкъуей къуажэм и школымрэ Нартан къуажэм узыншагъэр щрагъэфIакIуэ и физкультурэ комплексымрэ щыIэ хэхыпIэ участкэхэм егъэщIылIа участкэ хэхакIуэ комиссэхэм хэтхэмрэ кIэлъыплъакIуэхэмрэ. Нартан дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щыIэ «Вагъуэ цIыкIу» къэфакIуэ гупым хэхакIуэхэм я нэгу зрагъэужьащ.

Абы иужькIэ КIуэкIуэ Казбек Ново-Ивановскэ хэхыпIэ участкэм кIуащ икIи а жылэм фокIадэм и 1-м къыщызэIуаха школыщIэм еплъащ, адэкIэ Солдатскэ станицэм, Бахъсэн къалэм я хэхыпIэ участкэхэм щыIащ.

Дыгулыбгъуей къуажэм и ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэща хэхыпIэ участкэм и лэжьэкIэм щыгъуазэ зищIа нэужь, КIуэкIуэ Казбек къипщытащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ зэрагъэпэщыж мы IуэхущIапIэм лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым. ЩэнхабзэмкIэ унэр къэгъэщIэрэщIэжын яухынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъу гуфIэгъуэ пIалъэм ирихьэлIэу.



КIУЭКIУЭ Казбек и унагъуэр щIыгъуу Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахым Iэ щиIэтащ езыр зыхыхьэ хэхыпIэ участкэ №123-м, Налшык къалэм и гимназие №1-м и унэм къыщызэIуахам.

«Россия 1» телеканалым и корреспондент Чистяков Андрей цIыхубэм я лIыкIуэу нобэ хаххэм зэращыгугъым теухуа и упщIэм и жэуапу республикэм и Iэтащхьэм жиIащ: «Сазэрыщыгугъыр зыщ - ахэр республикэм хуэфащэу Къэрал Думэм, къалэ советым хэтынырщ». Республикэм хэхыныгъэхэр къызэрыщызэрагъэпэщам и гугъу щищIым КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ: «Республикэм и цIыхухэм я фIэфIыныгъэхэр хэхыныгъэм щыпхагъэкIын папщIэ Iэмал псори щыIэщ. Властым езым и полномочиехэм къриубыдэу абы и лъэныкъуэкIэ къыбгъэдэхуэ псори зэфIигъэкIащ. КIэлъыплъакIуэ гупхэр, жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ центр къыщызэдгъэпэщащ. ХэхыпIэ участкэхэм я процент 80-м видеоIэмэпсымэхэр яIэщ. Мы дакъикъэм ирихьэлIэу тхьэусыхафэхэр щыIэкъым. Хэхыныгъэхэм парт куэд хэтщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым демократием зыщеужь».

КъБР-м и Iэтащхьэр видеосвязым и Iэмалхэр къигъэсэбэпри хэтащ «Урысей зэкъуэт» партым и исполкомым и къызэгъэпэщакIуэ управленэм хэхыныгъэр зэрекIуэкIам теухуауэ къызэригъэпэща селектор зэIущIэм.

ЗэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм и субъектхэм я къулыкъущIэ нэхъыщхьэхэр, партым и щIыналъэ къудамэхэм я секретархэр, щIыналъэ хэхакIуэ штабхэм я унафэщIхэр, партым и щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэр, кандидатхэр.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь Турчак Андрей хэхакIуэ псоми фIыщIэ яхуищIащ ахэр хэхыныгъэхэм зэрыхэтам икIи партыр зэрыдаIыгъам папщIэ. ХэхакIуэхэм апхуэдэу зыхуагъэзащ Москва къалэм и тет Собянин Сергей, Сабийхэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу УФ-м и Президентым и деж щыIэ Кузнецовэ Аннэ, УФ-м и Президентым и деж ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щыIэ советым и президиумым хэт Шмелевэ Еленэ, щIыналъэ парт, жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр.

Хэхыныгъэр щекIуэкIа махуищым республикэм щIыналъэ хэхакIуэ комиссэу 13, участкэ хэхакIуэ комиссэу 355-рэ щылэжьащ. Хэхыныгъэр зэIухауэ, хабзэм тету зэрекIуэкIым махуищми я нэIэ трагъэтащ жылагъуэ кIэлъыплъакIуэу 700-м щIигъум. Апхуэдэу иджырей видеоIэмэпсымэхэр къагъэсэбэпащ.

ЩIыналъэм и хэхакIуэ комиссэм къызэритамкIэ, хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIа ещанэ махуэм сыхьэтыр 18-м ирихьэлIэу цIыху 44417-м Iэ яIэтащ, ар хэхакIуэхэм я спискэхэм иратхауэ щытахэм я процент 82,34-рэ мэхъу.

КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм хэтхэм махуищкIэ екIуэкIа хэхыныгъэм цIыхухэм Iэ зэрыщаIэтар къабжыж.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ «муниципалитетхэм хухаха сыхьэт» зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI **Джэш Вячеслав**, КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуIэед**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим**, КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Шаваев Ильяс**, муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэм къыщапщытэжащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еянэ хэхыгъуэм и депутатхэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ лIыкIуэ органхэм я депутатхэмрэ я хэхыныгъэр республикэм зэрыщекIуэкIар. КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Шэч хэмылъу, Къэрал Думэм хэхыныр ди къэралым и гъащIэм нэхъ мыхьэнэшхуэ щызиIэ лъэхъэнэщ, сыту жыпIэмэ, абы куэдкIэ елъытащ политикэ системэм и зэпIэзэрытыныгъэр хъумэныр, ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэсакъыным, экономикэм щIэгъэхуэбжьауэ зегъэужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ къигъэува къалэн инхэр гъэзэщIа зэрыхъунур».

Джэш Вячеслав зэIущIэм хэIущIыIу щищIа информацэм къызэрыхэщамкIэ, федеральнэ хэхыпIэ округым Iэ щаIэтащ цIыху 462254-м, нэгъуэщIу жыпIэмэ, спискэхэм иратха хэхакIуэхэм я процент 85,64-м. Зы мандаткIэ Iэ щаIэт округым хиубыдэу цIыху 460364-м, е процент 85,29-м Iэ щаIэтащ. Федеральнэ хэхыпIэ округым хиубыдэу хэхакIуэхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэм, процент 79,20-м, Iэ яIэтащ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и телъхьэу. Урысей Федерацэм и Коммунист партым папщIэ процент 16,69-м, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей-пэжым папщIэ» партым папщIэ проценти 2,9-м, ЛДПР-м папщIэ процент 0,35-м Iэ яIэтащ. Зы мандаткIэ Iэ щаIэта округым къекIуэлIахэм я процент 69,75-р Щхьэгуэш Адэлбий и телъхьэу къэуващ.

IэIэтыр зэрекIуэкIам щытепсэлъыхьыжым республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ: «Къэрал Думэм хэхынымкIэ зыхуэдгъэувауэ щыта мурадхэр къыдэхъулIащ. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым папщIэ Iэ зыIэтахэм я бжыгъэри хэту къэплъытэмэ (ахэр цIыху мин 366-рэ хуэдиз мэхъу), дэ Геккиев Зауррэ Родинэ Викториерэ мандатхэр къалъысыну дыщыгугъ хъунущ. Ди дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Зы мандаткIэ хахауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ Къэрал Думэм хэтынущ Щхьэгуэш Адэлбий.

«Мыри къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ: я политикэ мурадхэмрэ зыхэт партхэмрэ зэтемыхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу нэгъуэщI цIыхуитIи Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и нэгъуэщI щIыналъэхэри зыхыхьэ адрей хэхыпIэ округхэм Къэрал Думэм и мандатхэм щыщIэбэнащ. Я политикэ унэтIыныгъэхэр сыт хуэдэу щымытми, ахэри Къэрал Думэм ди республикэм и телъхьэу къызэрыщыувынум икIи абы и сэбэп зыхэлъхэм зэрыщIэбэнынум шэч къытесхьэркъым», - къыщIигъужащ КIуэкIуэ Казбек. Республикэм и унафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я депутатхэр хэхыным къэрикIуахэмкIи зэрыарэзыр.

«Хэхыныгъэхэр республикэм зэщIэгъэуIуауэ щекIуэкIащ, абы хэхакIуэ куэд къекIуэлIащ икIи дэтхэнэми езым и фIэфIыныгъэм тету Iэ иIэтащ. ХэхыныгъэмкIэ хабзэм къемызэгъыу ди деж зы мыхъумыщIагъи къыщыхъуакъым икIи ар Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм къигъэлъэгъуащ. Мыбдеж нэхъ гуапэр цIыхухэр гукъыдэж яIэу хэхыпIэ участкэхэм зэрыкIуарщ, абыхэм езыхэр зэрыхуейм хуэдэу Iэ зэраIэтарщ», - къыхигъэщащ щIыналъэм и унафэщIым.

«ИпэжыпIэкIэ дэ тхузэфIэкIащ цIыхухэм хуиту, пэрыуэрэ текъузэныгъэрэ щымыIэу Iэ яIэтын папщIэ зыхуеину Iэмалхэр къызэдгъэпэщын. Хэхыныгъэм зыщыхуагъэхьэзыр зэманым дэ информацэ лейкIэ цIыхухэм я щхьэр щIедгъэхьакъым, иужьрей илъэсищым властым и органхэр зэрылэжьа щIыкIэм езыхэр егупсысыжрэ зэрыхуейм хуэдэу Iэ яIэтмэ нэхъыфIу къэтлъытэри. ЦIыхухэм Iэ зэраIэтам кърикIуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм иджыпсту щыIэ властым дзыхь зэрыхуащIым и щыхьэтщ икIи апхуэдэ пщIэр ди дежкIэ икъукIэ лъапIэщ. Абы и жэуапу дэ нобэ щыщIэдзауэ нэхъри дегугъуу дылэжьэн хуейщ. Дэ едгъэкIуэкI политикэр цIыхухэм къыщащтэкIэ, Урысей Федерацэм и Президентым иубзыху политикэр цIыхухэм къыщащтэкIэ, а политикэр дэ нэгъэсауэ пхыдгъэкIыну ди къалэнщ», - хэхауэ жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

КIуэкIуэ Казбек апхуэдэу къигъэлъэгъуащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм фIыщIэ куу яхуэсщIыну сыхуейщ абыхэм къагъэлъэгъуа жыджэрагъым папщIэ. Си щхьэкIэ сэ ар цIыхухэм дзыхь къызэрытхуащIым и щыхьэту къызолъытэ. Апхуэдэ дзыхьым дэ къыдбгъэдэхуэ жэуаплыныгъэр нэхъри нэхъ ин ещI. Абы къыхэкIыу ди къарум къихь псори длэжьынущ апхуэдэ дзыхьыр, цIыхухэр къызэрытщыгугъ псори дгъэпэжын папщIэ». Администрацэхэм я Iэтащхьэхэм яхуэгъэзауэ абы къалэн IупщIхэр къигъэлъэгъуащ: «Дэ нэхъри нэхъ псэемыблэжу дылэжьэн, республикэм къыпэщыт социально-экономикэ къалэнхэр нэгъэсауэ дэгъэкIыным Iуэху нэрылъагъухэмрэ ехъулIэныгъэ нэсхэмкIэ дыхэтын, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ зы цIыхуми и гъащIэр нэхъ тынш зэрытщIыным демызэшыжу дегугъун хуейщ».

Республикэм и Iэтащхьэм хэхакIуэ комиссэхэм хэтахэм, абыхэм къадэлэжьахэм фIыщIэ яхуищIащ иджыпсту щыIэ эпидемилогие щытыкIэм пыщIа гугъуехьхэм емыплъу хэхыныгъэр зэщIэгъэуIуауэ, шынагъуэ къытемыхьэу зэрырагъэкIуэкIам папщIэ. «Апхуэдэу я пщIэр згъэкIуэд хъунукъым хэхыныгъэм жыджэру хэлэжьыхьа адрей цIыхухэми - политикэ партхэм я лIыкIуэхэм, кIэлъыплъакIуэхэм, волонтёрхэм, жылагъуэ штабхэм я лэжьакIуэхэм, хабзэхъумэ органхэм. Абыхэм псоми жэуаплыныгъэ лъагэрэ зэхэщIыкI инрэ къагъэлъэгъуащ, къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIащ», - жиIащ абы зэIущIэм и кIэухым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# ДАХ-м и мыхьэнэр зэрыиныр къыхагъэщ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIII Конгрессым. Зэхуэсышхуэр къызэIуихащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.**

УФ-м и Президентым и Администрацэм Лъэпкъ политикэмкIэ и департаментым и унафэщI Вагинэ Татьянэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщеджащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир зэхуэсым хэтхэм зэрехъуэхъу псалъэхэм. «Къэралым гулъытэ хэха хуещI лъэпкъхэм я бзэрэ я хабзэрэ яхъумэжыным, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэ ди Хэкум щыIэным. Къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 30 ирикъу Дунейпсо Адыгэ Хасэм хуэдэ зэгухьэныгъэ иным а лэжьыгъэ мытыншым и гуащIэ зэрыхилъхьэр узыщыгуфIыкIынщ. Щхьэхуэу къыхэгъэщыпхъэщ ДАХ-м Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъыным, къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэдэлэжьэным къаруушэ ирихьэлIэри», - къыхощ къэрал Iэтащхьэм зэхуэсым хэтхэм зэрызахуигъазэм.

Вагинэ Татьянэ УФ-м и Президентым и деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ советым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр иритащ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ, Сэхъурокъуэ Хьэутий, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ.

КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм къыхигъэщащ ДАХ-м и мыхьэнэр зэрыиныр.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм Урысей Федерацэм субъект щхьэхуэ зэрыщагъуэтам лIэщIыгъуэхэр зи ныбжь тхыдэ иIэщ. Апхуэдэ статус иIэ зэрыхъурэ, гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми зиужьу, политикэ, жылагъуэ щытыкIэр ефIакIуэу, экономикэ, социальнэ псэукIэм зиубгъуу къогъуэгурыкIуэ. Нэхъыщхьэращи, ди лъэпкъым лъэпкъыу зихъумэжын, зиужьын папщIэ, псэкупсэ, лъэпкъ-щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъума хъунымкIэ сэбэпышхуэ мэхъу. Къыхэгъэщыпхъэщ адыгэ лъэпкъым и лъахэ иIэнымкIэ, адыгэбзэр, лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэ дахэхэмрэ хъума хъунымкIэ Iэмал псори щиIэр Урысей къэралыгъуэр зэрыарар, - жиIащ КIуэкIуэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

***ДАХ-м и XIII Конгрессыр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэм ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм фыкъыщеджэ.***

# ЕГОРОВЭ Татьянэ: Ди цIыхухэм зэрыхуейуэ Iэ яIэтын папщIэ Iэмал псори яIэщ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и VIII хэхыгъуэм и депутатхэмрэ КъБР-м щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и органхэм я депутатхэмрэ я хэхыныгъэм хэтащ. Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унэм къыщызэIуаха хэхыпIэ участкэ №47-м ар и щхьэгъусэр щIыгъуу къэкIуащ.**



IЭ ИIЭТА нэужь Егоровэ Татьянэ журналистхэм щепсалъэм къыхигъэщащ къэралым дяпэкIэ нэхъри зегъэужьыныр и плъапIэу мы хэхыныгъэм зэрыхэтыр икIи республикэм исхэр къыхуриджащ хэхыпIэ участкэхэм къекIуалIэу езыхэр нэхъ зэрыхуейм хуэдэу Iэ яIэтыну.

- Хэхыныгъэхэр сытым дежи жылагъуэ политикэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ Iуэхущ, цIыхухэр политикэ гъащIэм къыхэшэнымкIэ нэхъ IэмалыфI дыдэхэм ящыщщ. Къэралым и лIыкIуэ (законхэр къыдэзыгъэкI) орган нэхъыщхьэ дыдэр, щIыпIэ советхэр къызэгъэпэщыныр къапщтэмэ, ар къэралым и гъащIэм и лъэхъэнэ нэхъыщхьэщ. Абы къыхэкIыу, сэ къызэрыслъытэмкIэ, Iэ иIэтыну хуитыныгъэ зиIэ дэтхэнэ зыри мы Iуэхум жэуаплыныгъэ ин хэлъу бгъэдыхьэн икIи езым нэхъ дзыхь зыхуищI депутатыр е политикэ партыр къыхихын хуейщ.

Апхуэдэу щхьэхуиту, текъузэныгъэ хэмылъу цIыхухэм Iэ яIэтын папщIэ ди республикэм Iэмал псори щыIэщ. Зэрыщыту иджырей хэхыныгъэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм зэи хуэмыдэу иджыпсту политикэ парт зэмылIэужьыгъуэу куэд хэтщ.

Нэхъ узыщыгуфIыкIын Iуэхухэм ящыщщ зи лэжьыгъэм щIэуэ куэд хэзылъхьэфын кандидатхэр къызэрыкъуэкIыр. Абы къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ къытпэщыт къалэнхэр тэмэму гъэзэщIа хъун папщIэ политикэ системэм и зэпIэзэрытыныгъэр хъумэн зэрыхуейр. Ар куэдкIэ елъытащ Къэрал Думэм, IэIэткIэ хах адрей лIыкIуэ органхэм дяпэкIэ щылэжьэнухэм ябгъэдэлъ зэфIэкIым. Мыбдеж нэхъыщхьэ дыдэу къэплъытэ хъунущ, езыхэр зыхэт партым, апхуэдэу я политикэ Iуэху еплъыкIэхэм емылъытауэ, депутату хахэхэр я къарур ехьэлIауэ лъэпкъ мурадхэм тележьэныр, ди цIыхубэм пэжыгъэкIэ къулыкъу хуащIэныр, - къыхигъэщхьэхукIащ Егоровэ Татьянэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70**, **40-34-32**.



# КъэкIуэнум хуэгъэпса гугъапIэхэр

**Ди къэралышхуэм и дэнэ щIыпIи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми фокIадэм и 17 - 19 махуэхэм щекIуэкIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ я хэхыныгъэхэр. Къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэхэр къызыхуэтыншэу, хэхыныгъэм и хабзэхэр къыщызэпамыуду, «Роспотребнадзор»-м къигъэув санитар-эпидемиологие мардэхэм изагъэу щызэфIахащ ди щIыналъэм абыхэм къыщыхузэрагъэпэща хэхыпIэ 355-м.**

ЗЭПЭЩУ, тэмэму зэтеублауэ хэхыныгъэхэр щекIуэкIащ ди республикэм и Шэджэм щIыналъэми. Iуэхум жыджэру хэтыну зи мурад цIыхухэр я закъуэуи унагъуэхэр зэгъусэуи а махуэхэм къекIуэлIащ хэхыпIэхэм. Абыхэм я бжэхэр махуищми я пщэдджыжьхэм сыхьэти 8-м ипэ къихуэу къызэIуахащ. А зэманым ирихьэлIэу участкэхэм щыIэкIэт абыхэм я унафэщIхэр, хэхыныгъэхэм хэтхэр, жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр. Махуэхэр уэфIу зэрыщытам къыхэкIыу, цIыхухэр псынщIэу къызэщIэрыуащ, замыгъэгуващэу, икIи я граждан къалэныр ягъэзэщIэным я гур хуитхьэщIыкIауэ хэхыпIэ участкэхэм екIуэлIащ.

ЦIыхухэр жыджэру кIуэрт хэхыныгъэхэм, дэтхэнэми ич лъэбакъуэм къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр ящIэу, къэкIуэнум хуэгъэпса гугъапIэхэр абы ирапхыу. А псори щIагъэбыдэ щIыкIэу, хэхыныгъэ щIыпIэхэр махуэшхуэ теплъэ яIэу гъэщIэрэщIат, абыхэм къыщеуэрт лъэпкъ макъамэ дахэхэр, къыщыIурт хэкупсэ уэрэдхэр.

Хэхыныгъэхэм япэу хэт щIалэгъуалэм Конституцэм къарит а хуитыныгъэр яфIэфIу къагъэсэбэпащ. Абыхэм тыгъэ цIыкIухэр щыхуащIащ участкэхэм.

- Ди къэралым и къэкIуэну дахэм Iэ хуэзыIэтхэм зи щIалэгъуэхэр зэрыхэтыр хуабжьу си гуапэ мэхъу. Плъагъуну гухэхъуэт адэ-анэ куэдым я бын цIыкIухэр я Iэпэгъуу хэхыпIэхэм къызэрыкIуэр. ЩIэблэр жылагъуэ Iуэхухэм хуэжыджэру къэгъэтэджын зэрыхуейм и щапхъэт ар.

- СызэригугъэмкIэ, балигъыпIэ иува дэтхэнэми и къалэнщ къэралым щекIуэкI жылагъуэ-политикэ гъащIэм зыщигъэгъэгъуазэу абы жыджэру хэтыну, - жиIащ Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ ВэрылI Къанщобий. - НэхъыжьыфIхэр зыдэс, лъэпкъ хабзэфI дахэхэр щызекIуэ ди жылэр, сыт щыгъуи хуэдэу, жэуаплыныгъэр зыхищIэу хэтащ хэхыныгъэхэм.

ЩIыналъэм и хэхыпIэхэм ящыщ зым Iуэхум хухаха етIуанэ махуэм Iэ щаIэтыну къекIуэлIат Шэджэм районым и футбол командэм хэтхэмрэ гупым я тренерхэмрэ.

- «Шэрджэс-07» футбол клубым мы гъэм ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрыдгъэхьащ: дэ къытхуагъэфэщащ КъБР-м ФутболымкIэ и федерацэм и кубокыр. Иджы щIалэхэр псори дызэгъусэу дыкъэкIуащ хэхыпIэм, ди кандидатхэм папщIэ Iэ тIэтыну, - жиIащ гупым и унафэщI Уэркъуасэ Хьэсэн. - Къэралым, лъэпкъым папщIэ гушхуэныгъэ диIэу дэ дыхэтащ хэхыныгъэхэм, ди граждан къалэныр дгъэзащIэу, адрейхэри абы къыхуедджэу.

Хэхыныгъэхэр Шэджэм щIыналъэм щекIуэкIащ хабзэхэр къызэпамыуду, щIыпIэхэм зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ щытепщэу. Участкэхэм къыщIэкIыж цIыхухэм я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ нэхъри къаIэтырт уафэгум махуищми нэжэгужэу иса дыгъэм, зрихьэлIэхэм я нэгум кърих гуапагъэм. Хэхыныгъэхэми абыхэм къыкIэлъыкIуэ махуэми - Адыгэхэм я дунейпсо махуэм - пежьэу къыхузэрагъэпэща концертхэри гъэлъэгъуэныгъэхэри хуэщIат цIыхубэр, лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ а Iуэхугъуэшхуэхэр Iэтыным.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Жыджэру, зэрыгъэгушхуэу

**Аруан щIыналъэм и цIыхухэр жыджэру хэтащ ди къэралым махуищкIэ щекIуэкIа хэхыныгъэхэм. Нарткъалэрэ районым хыхьэ къуажэхэмрэ къыщызэрагъэпэща хэхыпIэ 23-р сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу Iуэхум хуагъэхьэзырат. Ипэ махуэхэм жылэхэр къызэхикIухьри, участкэ хэхакIуэ комиссэхэр хэхыныгъэхэм зэрыхуэхьэзырыр къипщытащ Аруан щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Аджий Валерэ.**



ХЭХЫПIЭХЭМ санитар-эпидемиологие хабзэ псори щыгъэзэщIат, комиссэм хэсхэри, къекIуалIэ цIыхухэри узыфэм зэрыщахъумэн Iэмалхэр щыIэт, къищынэмыщIауэ, шынагъуэншагъэм кIэлъыплъынухэмрэ хабзэр къызэпемыгъэудыныр зи нэIэ щIэтынухэмрэ кърашэлIат.

Хэхыныгъэхэм махуэшхуэм хуэдэу пежьат щIыналъэм и щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр, къекIуалIэхэм я гукъыдэжыр къаIэту пшынэмрэ къафэмрэ жылэхэм къыдэIукIырт.

Псом хуэмыдэу дахэу зигъэхьэзырат Аруан къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. 281-нэ хэхыпIэм зыкъыщигъэлъэгъуащ «Нур-ет» къэфакIуэ ныбжьыщIэ гупым. Аруандэсхэми дэрэжэгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ я куэду я пщэрылъыр ягъэзэщIащ.

Аруан щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Аджий Валерэ Iэ щиIэтащ езыр зыщыщ Джэрмэншык къуажэм дэт курыт еджапIэм къыщызэIуаха 277-нэ хэхыпIэм.

ФIым щыгугъыу, къэкIуэным дахэкIэ хуэхъуапсэу хэхыпIэхэм щызэхуэса цIыхухэм я къалэн нэхъыщхьэхэр зэфIагъэкIыурэ я гупсысэхэмкIэ пщIантIэм щызэдэгуашэрт. Ахэр тепсэлъыхьырт гъащIэм, къэралым, дунейм къыщекIуэкI зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм. Я дзыхь зрагъэзахэм псэукIэ дахэм хуашэнымкIэ щыгугъыу зэбгрыкIыжащ цIыхубэр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**Урысейм и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ щIыпIэхэм унафэр щызехьэнымкIэ IуэхущIапIэхэмрэ я хэхыныгъэр махуищкIэ ди къэралым щекIуэкIащ. ФокIадэм и 17-м пщэдджыжьым сыхьэти 8-м щегъэжьауэ Бахъсэн щIыналъэм хэхыпIэ 26-м лэжьэн щыщIадзащ, екIуэкIыну Iэ-Iэтым сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIауэ. Iэ яIэтыну, я граждан къалэныр ягъэзэщIэну хэхыпIэхэм къекIуэлIэну дэтхэнэм щхьэкIэ Iэлъэхэр, нэкIуIупхъуэхэр, къалэмхэр хьэзырт. ЩIыхьэпIэм деж цIыхухэм я температурэр къыщапщырт, санитар мардэхэм темыкIыну къыщыхураджэрт.**

# ГъащIэр зэпэщ зыщI зэхъуэкIыныгъэхэм щыгугъыу



ХЭХАКIУЭХЭМ я гукъыдэжыр къэзыIэт макъамэхэмрэ пшыналъэхэмрэ къызыщIэмыIукI зы хэхыпIи Бахъсэн щIыналъэм къыщызэIуахакъым. КъыхэгъэщыН хуейщ махуищми цIыхухэр хэхыпIэхэм уэру къызэрекIуэлIар, Iуэхум жану зэрыхэтар. Апхуэдэу, куэдым гу лъатащ икIи гъэщIэгъуэн къащыхъуащ Зеикъуэ дэт сымаджэщым и лэжьакIуэхэр зэдэуууэ къуажэ администрацэм и унэм щIэт хэхыпIэм зэрыкIуар. Медицинэ лэжьакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, хэхыныгъэм гукIи псэкIи хыхьащ, сыту жыпIэмэ къэралми жылэми я къэкIуэнур зэпхари, узыншагъэр хъумэнымкIэ щыIэ системэм зиужьынуми екIэкIуэнуми зэлъытари езыхэращ.

Гукъинэж ящыхъуащ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм дэт, гъуазджэмкIэ еджапIэу Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэм и лэжьакIуэхэм я унагъуэхэр я гъусэуэ хэхыпIэм къызэрекIуэлIари. Апхуэдэу, ныбжь дахэ зиIэ, къуажэм и нэхъыжьхэм ящыщ Тхьэгъэпсо Мусэрбий хэхыпIэ пунктым и унагъуэр и гъусэу къекIуэлIащ. Абы зэрыжиIамкIэ, и гъащIэм зы хэхыныгъэ хэмыхьэу блигъэкIакъым, мы гъэм екIуэкIыр абы дежкIэ мыхьэнэ зиIэщ - и къуэрылъху щIалэм япэ дыдэу Iэ еIэт.

Зэры-Къэбэрдей-Балъкъэру къапщтэмэ, хэхыныгъэм нэхъ жыджэру хэтари, абы цIыху нэхъыбэ хэша щыхъуари Бахъсэн къалэрщ. Къалэ кIуэцIым хэхыпIэ пункт 16 къыщызэIуахат. Дэтхэнэри зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмрэ санитар хуэIухуэщIэхэкIэ къызэгъэпэщат. Бахъсэн къалэм щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм хъыбар къызэритамкIэ, псори зэхэту цIыху 24980-м Iэ яIэтащ, ар къалэм цIыхуу дэсым я процент 80,6-рэ мэхъу.

ЦIыхур фIым, и гъащIэр зэпэщ зыщI зэхъуэкIыныгъэхэм щыгугъыу хыхьащ хэхыныгъэхэм. Арагъэнущ граждан къалэныр зыгъэзащIэхэм хабзэр къызэпызыуд къахэмыкIыу хэхыныгъэ махуищыр щIрагъэкIуэкIар.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# ХэхыпIэу 18 щылэжьащ

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэмрэ я хэхыныгъэхэр Май районым къыщызэрагъэпэщащ хэхыпIэ 18-м. КъБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ политикэ партхэмрэ къабгъэдэкIыу ягъэбелджыла кIэлъыплъакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, хэхыныгъэхэр къыщызэIуаха япэ махуэм щегъэжьауэ Май щIыналъэм хэхакIуэхэр жыджэру Iуэхум хэтащ.**



- ДИ РАЙОНЫМ хэхакIуэ 25433-рэ щопсэу. Дыщогугъ ахэр IэIэтым жэуаплыныгъэ яхэлъу къекIуэлIэну, - жиIащ япэ махуэм Май районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Саенкэ Татьянэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, хэхыныгъэхэр махуищкIэ - фокIадэм и 17, 18, 19-хэм - екIуэкIащ. Саенкэ Татьянэ и гъусэу, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шлык Дмитрий Iэ щиIэтащ «Россия» зи фIэщыгъэ ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэрагъэпэща хэхыпIэ участкэ №82-м. Абы хэхакIуэ 1800-рэ егъэбыдылIауэ щытащ. Унагъуэхэр, лэжьакIуэ гупхэр зэгъусэу екIуалIэрт, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ апхуэдэ Iэмал зимыIэхэм я деж хэхакIуэ комиссэм хэтхэр кIуащ.

- IэIэтым, адрей гъэхэми хуэдэу, ди районым щыпсэухэр жыджэру къокIуалIэ. Я бынхэри ящIыгъуу цIыхухэр къызэрыкIуэр узэрыгушхуэнщ, щIэблэм щапхъэ ирагъэлъагъури. IэIэтыр нэрылъагъуу зэрекIуэкIым кIэлъоплъ партхэм я волонтёрхэмрэ кIэлъыплъакIуэхэмрэ, - къыхигъэщащ хэхыпIэм и унафэщI Скляренкэ Александр.

Май районым и къуажэ нэхъ пхыдзахэм ящыщ Сарскэ жылэм щылэжьа хэхыпIэ участкэ №92-м псом япэу Iэ щиIэтауэ ятхащ къуэрылъху-пхъурылъху 18 зиIэ дадэ Мушировэ Мардали. ФокIадэм и 17-м сыхьэти 8-м Май районым и хэхыпIэ участкэ №95-м екIуэлIащ Октябрьскэ къуажэм я нэхъыжь Шахов Николай. Абы къызэхуэсахэм яжриIащ дэтхэнэ цIыхуми и къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэ хъунумкIэ жэуаплыныгъэ зэрихьыр. И хуитыныгъэхэр къигъэсэбэпащ зи ныбжьыр илъэс 90 хъуа Че Октябринэ, хэхыныгъэхэм Iэ щиIэтыну кIуэри.

Май къалэм дэт гимназие №1-м къыщызэIуаха хэхыпIэ №81-ми жыджэру щекIуэкIащ IэIэтыр. Комиссэм хэтхэми хэхакIуэхэми къыхагъэщащ а Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэу къызэралъытэр. ЦIыху 904-рэ зэгъэбыдылIа хэхыпIэм Суншхэ, Сэхъухэ, Рудакхэ, Шлыкхэ я унагъуэхэм зэгъусэу Iэ щаIэтащ. ХэхакIуэхэр жыджэрт хэхыныгъэхэм и ещанэ махуэми.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# Жьыми щIэми къафIэIуэхуу

**Дзэлыкъуэ щIыналъэм и щIыпIэ 25-м хэхыныгъэхэр щекIуэкIащ. ЩIыпIэ администрацэм и унафэщI Джатэ Руслан Iэ щиIэтащ 65-нэ хэхыпIэм.**

- ДИ ГУАПЭЩ цIыхухэр куэду хэхыныгъэхэм къызэрекIуалIэр, гукъыдэж зэраIэр, фIыкIэ зыщыгугъ кандидатхэм зэрадэщIыр, - жиIащ абы.

Нэхъыжьхэм щапхъэ ягъэлъагъуэ, нэхъыщIэхэм ар ялъытэ. Къармэхьэблэ къыщызэIуаха 62-нэ хэхыпIэм япэ дыдэу екIуэлIащ къуажэм и нэхъыжьхэм я советым хэт Мэкъуауэ Нурхьэлий.

ЩIыналъэм щыпсэухэр хэхыныгъэхэм жыджэру хэтащ, жьыи щIэи я къэкIуэнум папщIэ Iэ яIэтащ. Дзэлыкъуэкъуажэ щыщу БжэныкIэхэ зэрылъэпкъыу екIуэлIащ 65-нэ хэхыпIэм. «Лъэпкъри дызэрылъэгъуащ, кандидатхэми дахэдащ. Дыхуейщ нобэ тщIа Iуэхум фIы кърикIуэну. ДызэрыIыгъыу дыкъекIуэлIащ ди нэхъыщIэхэм щапхъэ едгъэлъагъун папщIэ», - жиIащ БжэныкIэ лъэпкъым я нэхъыжь Исмэхьил.

Шордакъ щыпсэу Жырыкъхэ я лъэпкъыр, унагъуэ 33-рэ хъур, зэгъусэу хэхыныгъэхэм хэтащ. «Къуажэм щынэхъыбэ дыдэ ди лъэпкъыр зэщIэдгъэуIуэу дыкъыщIекIуэлIар ди къалэн дгъэзащIэрт, фIым дыщыгугъырти аращ. Хэхыныгъэхэм щытекIуэнухэм дыкъамыгъэщIэхъуну Тхьэм жиIэ», - жиIащ лъэпкъым я нэхъыжь Владимир.

Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыпсэу нэхъыжь дыдэхэу хэхыпIэхэм емыкIуэлIэфахэм я деж кIэлъыплъакIуэхэр кIуэурэ щхьэж зыхуейр храгъэхащ. Апхуэдэщ илъэс 98-рэ зи ныбжь къармэхьэблэдэс Щоджэн Къудас. И ныбжьыр хэкIуэта пэтми, хэхыныгъэхэм ятеухуа хъыбархэр гупсэхуу щIипщытыкIащ. Малкэ къуажэм щыпсэу нэхъыжьыфI, илъэси 104-рэ хъу Журт Женя и гуапэу Iэ иIэтащ, хэхыныгъэхэм фIы къыдэкIуэну хъуэхъуащ.

ЩIыналъэм къыщызэIуаха хэхыпIэхэр зыхуей хуэзэу лэжьащ, дунейм щекIуэкI уз зэрыцIалэм къыхэкIыу мы гъэм къабзагъэм гулъытэ лей хуащIащ, хэхыпIэхэм щылэжьахэм Iэлъэрэ нэкIуIулъхьэрэ зэрахьащ. КъызэгъэпэщакIуэхэр егупсысащ цIыхухэм я гукъыдэжыр къызэраIэтыным. Абы щхьэкIэ кърагъэблэгъащ уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, артистхэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



# Щапхъэу ягъэлъагъуэ

**Къэралым къыпэщылъа хэхыныгъэхэр екIуу, хабзэм тету, къызыхуэтыншэу Тэрч щIыналъэми щекIуэкIащ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Къэрал Думэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и IуэхущIапIэхэм я депутатхэр хэхыныр Тэрч щIыналъэм и хэхыпIэ 26-м (19-р къуажэхэм,7-р Тэрч къалэ) щекIуэкIащ. Районым и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ КIэрэф Мурадин дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну цIыху 52-рэ ягъэхьэзыращ, хэхыпIэ къэс тIурытIу щылэжьэн хуэдэу. КIэлъыплъакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, хабзэм ебэкъуа щыIауэ зыщIыпIи гу щылъатакъым. Къэгъэлъэгъуапхъэщ ахэр «Роспотребнадзор»-м къигъэув мардэхэм тету зэрекIуэкIар.

Щхьэусыгъуэ пыухыкIа яIэу унэм къыщIэмыкIыф нэхъыжьхэм, сымаджэхэм я деж ХэхакIуэ комиссэм хэтхэр кIуэурэ Iэ ирагъэIэтащ.

Тэрч щIыналъэм и Iэтащхьэ Дадэ МуIэед цIыхухэр IэIэтым хэтыну къыхуриджащ, Интернетым щиIэ напэкIуэцIхэм кърилъхьа тхыгъэхэм абы къэралым, цIыхухэм я дежкIэ иIэ мыхьэнэм къытригъэзэжурэ щытепсэлъыхьащ. IэIэтыр щекIуэкIа махуищым къызэригъэлъэгъуамкIэ, Дадэм и къыхуеджэныгъэр жылэм зэхахащ. Хэхыныгъэ махуэхэм цIыхухэм махуэшхуэм хуэдэу зыхуагъэхьэзырат, фащэ нэхъыфIхэр щатIагъэри, зэрыкъуажэу, зэрылъэпкъыу гуп дахэурэ къекIуэлIащ. ЗэгурыIуэ нэхъыфI сыт щыIэ?!

Апхуэдэу, Болэтей къуажэдэсхэр хэхыныгъэхэм зэгъусэу, екIуу зэрыкIуам теухуауэ «Мир» федеральнэ каналымкIэ, хъыбарыщIэхэм хэту, репортаж гъэщIэгъуэн ящIащ. Хамэхэ, Дадэхэ, Жылаухэ, Наурызхэ я лъэпкъхэм щхьэхуэу я цIэ кърахуащ. Гухэхъуэт абыхэм я лIыкIуэхэм, адыгэ фащэхэр ящыгъыу, хэхыпIэхэм къызэрекIуалIэм уеплъыну. Репортажыр зыгъэхьэзыра журналист Сасыкъ Маринэ игъэщIагъуэу жиIащ апхуэдэ куэдрэ узэрыримыхьэлIэр, а хабзэ дахэм удимыхьэхынкIэ Iэмал зэримыIэр.

Хабзэ дахэ къагъэлъэгъуащ Дей къуажэм щыщхэу Iэщыж, Алкъаш, Балъкъэр лIакъуэхэми. НэхъыжьыфI зиIэхэр хэгъуэщэнукъым!

ХэхыпIэ къэс Iуэхур екIуу щекIуэкIащ. Уэрэдрэ къафэкIэ гъэнщIа махуэхэм фIы къахудэкIуэну дэтхэнэри зэрыщыгугъыр шэч къызытумыхьэнщ.

Дадэ МуIэед хэхыныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, абы къекIуэлIахэм, Iуэхум гугъу зыдезыгъэхьа къызэгъэпэщакIуэхэмрэ кIэлъыплъакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ. Ар псоми ехъуэхъуащ зэIузэпэщыгъэ, ехъулIэныгъэ къахудэкIуэну.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# ФIыкIэ хуэплъэу

**УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еянэ зэхыхьэгъуэм и депутат хэхыныгъэхэр а Iуэхум и хабзэхэр къызэпамыудауэ, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщауэ щекIуэкIащ Лэскэн щIыналъэми.**

РАЙОНЫМ хэхыпIэ участкэу 11 щылэжьащ. ФокIадэм и 17 - 19 махуэхэм абыхэм я бжэр зэIухауэ щытащ сыхьэти 8-м щегъэжьауэ 20 хъуху. Комиссэм хэтхэмрэ кIэлъыплъакIуэхэмрэ къызэрыхагъэщымкIэ, цIыхухэм я граждан къалэныр жыджэру ягъэзэщIащ. Абы и мыхьэнэр къазэрыгурыIуэм и щыхьэтт жылагъуэхэм дэт IуэхущIапIэхэм, курыт школхэм, сабий садхэм, амбулаторэхэм, нэгъуэщIхэми я лэжьакIуэхэр гупу хэхыпIэхэм зэрекIуэлIар. Абыхэм жаIэрт я къэкIуэнум фIыкIэ хуэплъэу апхуэдэ лъэбакъуэ зэрачыр, хэхыныгъэхэм зыужьыныгъэфIхэр къахудэкIуэну зэращыгугъыр. Iуэхум хэтыну хуейуэ, ауэ сымаджагъэкIэ Iэ щаIэт щIыпIэхэм емыкIуэлIэфахэм, комиссэм хъыбар кърагъэщIэри, хэхыныгъэхэр езыгъэкIуэкIхэр абыхэм я унэм кIуащ. Псори къызэщIакъуэжа нэужь наIуэ хъуащ Лэскэн щIыналъэм щыпсэухэм я процент 87,28-р хэхыныгъэхэм зэрыхэтар.

Къыхэгъэщыпхъэщ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий и граждан къалэныр къыщыхъуа щIыналъэм - Хьэтуей жылэм - щылэжьа хэхыпIэ участкэ №77-м зэрыщигъэзэщIар.



Апхуэдэу а махуэхэм Лэскэн щIыналъэм хыхьэ жылагъуэхэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ я органхэм я депутатхэри хахащ.

Хэхыныгъэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм махуэшхуэ теплъэгъуэхэр къыщызэгъэпэщауэ щытащ. Районым щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIащ концертхэр, хабзэм епха Iуэхугъуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. ХэхакIуэхэр абыхэм жыджэру хэтащ икIи апхуэдэ махуэшхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэми утыкум ита сабийхэми фIыщIэ хуащIащ а Iуэхум махуэшхуэ иращIэкIыу я нэгу зэрызрагъэужьам папщIэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# НОБЭ

**♦Пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

**♦Автомобиль къэмыгъэсэбэпыным и дунейпсо махуэщ**

**♦Болгарием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1908 гъэм ар Уэсмэн пащтыхьыгъуэм къыхэкIащ.

**♦Балтие къэралхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ.** Латвиер, Литвар, Эстониер 1921 гъэм фокIадэм и 22-м Лъэпкъхэм я Лигэм хагъэхьащ, ар и лъабжьэу а къэралхэм махуэр зэдагъэлъапIэ 2000 гъэм щегъэжьауэ.

♦**1862 гъэм** США-м и президент Линкольн Авраам Iэ щIидзащ 1863 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ пщылI псори щхьэхуит зэрыхъужым теухуа унафэм.

♦**1935 гъэм** ЦIыхубэ комиссархэм я советым и унафэкIэ, япэ, етIуанэ, ещанэ рангхэм я капитан цIэр СССР-м и Дзэ-Тенджыз Флотым щагъэуващ, Совет Союзым и Маршал цIэри къащтащ.

♦**1943 гъэм** Центральнэ, Воронежскэ фронтхэм я дзэхэр Днепр зэпрыкIащ.

♦**1944 гъэм** советыдзэхэм Таллинн къалэр хуит къащIыжащ.

♦Инджылызым щыщ физик, химик, генераторыр къэзыгупсыса, нэгъуэщI къэхутэныгъэ куэд езыгъэкIуэкIа **Фарадей Майкл** къызэралъхурэ илъэс 230-рэ ирокъу.

♦Инджылыз теннисисткэ, цIыхубзхэм ящыщу Олимп джэгухэм япэу щытекIуа **Купер Шарлоттэ** къызэралъхурэ илъэси 151-рэ ирокъу.

♦Совет бзэщIэныгъэлI, лексикограф, профессор, «Урысыбзэм и псалъалъэр» къыдэзыгъэкIа, урыс литературэбзэр куууэ зыджа **Ожегов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦«СССР-м егъэджэныгъэмкIэ и лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэща, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысейм педагогикэ, социальнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием, Дунейпсо Адыгэ академием я академик, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием психологиемкIэ и институтым и лэжьакIуэ **Мамхэгъ Раисэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей актрисэ, теленэтынхэр езыгъэкIуэкI **Голубкинэ Марие** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

♦Бразилием щыщ футболист цIэрыIуэ, дуней псом и чемпион тIэунейрэ хъуа, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым щытекIуа, ЩIы хъурейм и футболист нэхъ Iэзэ дыдэу къалъыта **Роналдэ** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Нэм екIур гуми йокIу.**

# IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ



# Бэдынокъуэрэ Иныжь нэ закъуэмрэ

БЭДЫНОКЪУЭ щакIуэ ежьауэ, мэз бжэн къыпэщIэхуащ. Шабзэр зэIуидзэщ, еуэри бжэныр къриудащ. «ЗэIысхынщ», - жери щыбгъэдыхьэм, бжэныр къыщылъэтыжри мэзым хыхьэжащ. КIэлъыуэри къриудыжащ бжэныр. Щыбгъэдыхьэм, къыщылъэтыжри щIэпхъуэжащ. Ещанэуи кIэлъыуащ, къриуда щхьэкIэ, щыбгъэдыхьэм, бжэныр къыщылъэтыжри, мэзым хыхьэжащ.

- Мыр сыт гъэщIэгъуэн! - жиIащ Бэдынокъуэ. - Щэ сытехуати, щэми сIэщIэкIащ. ЗдэкIуэр зэзгъэщIэнщ, - жери мэзым хыхьэжа бжэным и ужь иуващ Бэдынокъуэ.

Бжэным и лъэужьыр ихуурэ, Бэдынокъуэ унэ ирихьэлIащ.

- Еблагъэ, Бэдынокъуэ! - жери унэм щIалэ къикIащ, унэм иришэри Iэнэ къыхуигъэуващ, Iэнэм здыбгъэдэсым, бжэным и гугъу хуищIащ бысым щIалэм.

- Ар си бжэнщ, - къыжриIащ щIалэм. - ЩакIуэ укъызэрежьар сщIэрти, бжэныр нэзутIыпщри укъыкIэлъызгъэкIуащ. Губгъэн къысхуэпщIынкъым, уэр фIэкIа сызыщыгугъын слъагъуркъым - уи хъыбар зэхэсхауэ, уи лIыгъэм сыщыгъуазэщ. Си Iуэху зытетыр мыращ. Зэшибл дыхъурти, щакIуэ дежьэгъащ. Къуэ кIыфI гуэр дыщыдыхьэм, иныжь нэ закъуэ дрихьэлIащ: къуэ кIуэцIым дэувауэ, мывэр лъапэкIэ зэредзэ, йоIэдэкъауэри уэгум ирехуэ.

ДгъэщIагъуэри, дыбгъэдыхьащ иныжь нэ закъуэм. «ХьэщIэ сиIи! - жери къытхуеплъэкIащ иныжь нэ закъуэр. - БгъуэнщIагъым фыщIыхьи, лэгъупыIэмпIэ зэфIэвдзэ, - къыджиIащ, - си мэл хъушэм фыхэплъи, зы гъэлъэхъу фукI, сэ си джэгун зэфIэкIмэ, сынэкIуэжынщ». БгъуэнщIагъым дыщIыхьащ зэшиблыр, мафIэ тщIащ, лэгъупыIэмпIэ зэфIэддзащ, мэл хъушэм дыхыхьэри зы гъэлъэхъу къэдубыдащ, дукIри лыр хэтлъхьауэ, иныжь нэ закъуэр къэсыжащ, мэл хъушэр къихужри. Мэл хъушэри зэшиблри бгъуэнщIагъым дыщIихуэри, абрэмывэ Iуигъэлъэдэжащ, лыр щывэм, деплъурэ ишхри, мафIэм бгъэдэгъуэлъхьэжащ. Жэщибл-махуиблкIэ жея нэужь, къызэщыужри бгъуэнщIагъыр къиIэбэрэбыхьащ, ди шынэхъыжьыр къыIэрыхьэри бгым щидзащ.

- Нартхэ си гур фхуэплъырти, фыкъызихьэлIащ: фи лъапсэр згъэгъущынщ, - жиIащ иныжь нэ закъуэм, бгым махуэ къэс зы щидзурэ си шынэхъыжьихыр IэщIэукIащ. Си чэзур къэсауэ, мэл хъушэр хъуакIуэ ихун хуей хъуати, хъушэм хэт ажэм и жьакIэр субыдри и ныбэгум зыщIэзгъэзэгъащ, бгъуэнщIагъым сыкъыфIыщIэкIри сыкъэкIуэжащ. Аращ къысщыщIар, силъ сщIэжынущи, гъусэ къысхуэхъу.

- Сыпхуэхъунщ, - жиIащ Бэдынокъуэ. - Гъуэгум щыгъуазэ сыщI закъуэ. АдэкIэ зэрыхъури тлъагъунщ.

Гъусэ зэхуэхъури ежьащ. Къуэ кIыфIым дыхьа нэужь, Бэдынокъуэ и гъусэм жриIащ:

- Уэ къуэ кIуэцIым къыщыспэплъэ, сэ бгъуэнщIагъым сихьэнщ.

АбыкIэ зэгурыIуэри, Бэдынокъуэ иныжь нэ закъуэм и бгъуэнщIагъымкIэ иунэтIащ. Абрэмывэр Iуигъэжауэ, иныжь нэ закъуэр бгъуэнщIагъым къыщIэплъырти, къаплъэри Бэдынокъуэ къилъэгъуащ.

- Сыту фIыт укъызэрыкIуар - пщафIэ усхуэхъунщ, - жиIащ иныжь нэ закъуэм.

- Уэзрыхуей сыпхуэхъунщ, - жиIащ Бэдынокъуэ.

- Си мэл хъушэм хыхьи, зы гъэлъэхъу къыхэш, укIи схуэгъавэ.

- Хъунщ, - жери Бэдынокъуэ зы гъэлъэхъу иукIащ, лыр игъавэри шхэуэ тIысыжащ.

Иныжь нэ закъуэр къыщетIысылIэм, Бэдынокъуэ IуигъэкIуэтыжащ:

- ПщафIи, шхэж. Гъэлъэхъур сэ схурикъун къудейщ, - жери.

Тэджри, иныжь нэ закъуэм зы мэл иукIащ. Махуэ къэс мэл зырыз яшхыурэ, иныжь нэ закъуэм и мэл хъушэр яухащ.

- Иджы сыт тщIэнур? - еупщIащ Бэдынокъуэ иныжь нэ закъуэм.

- ХэтIэхэсэ дыджэгунщ, - жиIащ иныжь нэ закъуэм.

- Хъунщ, уэ къыщIэдзэ, - жиIащ Бэдынокъуэ.

Иныжь нэ закъуэм Бэдынокъуэ зэщIиубыдэри, и лъэкIэным нэс щIым хихуащ. ЕтIуанэ Iэбэгъуэр Бэдынокъуэ ейти, иныжь нэ закъуэр иIэтри, и лъэгуажьэм нэс щIым хихуащ. Зэрыубыдыжри, иныжь нэ закъуэр и бгым нэс хихуащ, ещанэу щызэрыубыдым, иныжь нэ закъуэм и пщэм нэсащ, Бэдынокъуэ и бгым фIэкIакъым. КъеIа щхьэкIэ, иныжь нэ закъуэм зыкъыхухэчыжакъым. Бэдынокъуэ и джатэр кърихащ.

- Сыт пщIэнур? - къэпыхьащ иныжь нэ закъуэр.

- Уи щхьэр фIэсхынущ, - жиIащ Бэдынокъуэ.

- СыщыпIуплъэм укъэсщIат сызэрыпIэщIэкIуэдэжынур...

Бэдынокъуэ иныжьым и щхьэр фIихри бгым щидзащ:

- НокIуэ! - жери.

Щхьэр къахьри, Бэдынокъуэрэ зилъ ищIэжа щIалэмрэ къуэм къыдэкIыжащ.





# Лъэпщ гъукIэ зэрыхъуам и хъыбар

НАРТХЭМ я зэманым гъаблэ хъуат. ЦIыхухэм яшхын ямыгъуэту лIэуэ апхуэдэт. Лъэпщрэ Тхьэгъэлэджрэ зэгъунэгъуу псэухэрт. Лъэпщ а зэманым гъукIэтэкъым. Гъавэ Лъэпщ иIэт. Тхьэгъэлэдж гъавэншэт.

Лъэпщ фыз иIэтэкъым, Тхьэгъэлэдж фыз иIэт. Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ мэжалIэ щыхъум, Тхьэгъэлэдж и фызыр Лъэпщ деж игъэкIуащ:

- Лъэпщ, зыри диIэкъыми, гъавэ щIыхуэ къыдэт! - жиIэри кIуащ фызыр.

- Зэ зызгъэгъуэти, уэстынщ, - жиIащ Лъэпщ.

Фызым имыдэу къыщIэкIыжри къэкIуэжащ. Тхьэгъэлэдж и фызым къимыхьу къыщыкIуэжым и лIыр еупщIащ:

- Сыт къыбжиIар? - жиIэри.

- «СиIэкъым!» жери къызитакъым, - жиIащ фызым.

Апхуэдэурэ екIуэкIыурэ нэхъри мэжалIэ щыхъум, Тхьэгъэлэдж и фызыр игъэкIуащ етIуанэу.

- КIуэи къеIых, етIанэгъэ хуэдитI еттыжынщ, - жиIэри. Лъэпщ деж аргуэру фызыр къэкIуащ.

- Iэмал иIэмэ, къыдэт, етIанэгъэ уэттыжынщ хуэдитIу, жиIащ си лIым, - жиIэри.

ЕтIуанэу къыщыкIуами, Лъэпщ фызым апхуэдэ жэуапщ иритар. Фыз гуэрым имыдэу къыщIэкIыжри къэкIуэжащ.

- Сыт къыбжиIар? - жиIащ аргуэру Тхьэгъэлэдж.

- «СиIэкъым!» жери къызитын идэркъым, - жиIащ фызым.

- Дауэ зэримыIэр, и гуэным изу илъщ, езыр лIы закъуэщи, хуэшхынкъым, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

Апхуэдэурэ, махуитIи щыи дэкIащ.

ЛIапэ щыхъум, нэгъуэщI Iэмал имыгъуэтыжу аргуэру фызыр игъэкIуэн хуей хъуащ Лъэпщ деж:



- КIуэ, иджыри зэ елъэIуж, - жиIэри.

Фызыр ещанэу Лъэпщ деж къэкIуащ:

- Уэ лIо аргуэру укъыщIэкIуар! Аращ, ухуеймэ, зэ зызбгъэгъуэтмэ, уэстынущ гъавэр. Къызэфтыжынуми сыхуейкъым, ауэ арыншауи уэстынукъым, - жиIащ Лъэпщ.

Фызым имыдэу аргуэру IэнэщIу къигъэзэжащ.

- Сыт жиIэр? - жери Тхьэгъэлэдж и фызым еупщIащ.

- Аращ жиIэр, «сиIэкъым, сэ схурикъунукъым!» жеIэ, идэркъым къыдитын, - жиIащ фызым.

Аргуэрым махуитI блэкIащ. Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ яхуэмыхьыж хъуащ.

- Иджыри кIуэи зэ елъэIуж, ахъумэ долIапэ, къыдитым хуэдипщI етIанэгъэ еттыжынщ, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

- СыкIуэнукъым абы фIэкIа. Абы жиIэр мыращ: зэ зызгъэгъуэти, уэстынщ, арыншауэ уэстынукъым жеIэр, - жиIащ фызым.

Тхьэгъэлэдж еплъыхри гупсысащ.

- КIуэ, абы афIэкIа напэ щимыIэкIэ, кIуэ, сэ хуит узощI, - жиIащ Тхьэгъэлэдж.

- Хьэуэ, сыкIуэнукъым, - жери идакъым фызым. АрщхьэкIэ Тхьэгъэлэдж залымыгъэкIэ фызыр ихуащ.

Фызыр къэкIуащ аргуэру Лъэпщ деж.

- ЛIо, арэзы ухъуа, укъыщIэкIуар? - жиIэри еупщIащ Лъэпщ фызым.

- Аращ, сыкъэкIуащ, сыт тщIэн, нэгъуэщI Iэмал дгъуэтыркъым. Тхьэгъэлэджи жесIэжати, ари арэзы хъуащ, - жиIащ фызым кIэзызурэ.

- АтIэ, щхьэ укIэзызрэ? Щхьэ ушынэрэ? - жери еупщIащ Лъэпщ фызым.

- СокIэзыз соукIытэри, си напэм щхьэкIэ, си цIыхугъэм щхьэкIэ, ныбэ щхьэкIэ сэ мыпхуэдэ Iуэху зэрысщIэнум сыщоукIытэри, - жиIащ фызым.

- Абы щыгъуэ сэри уи цIыхугъэмрэ уи напэмрэ щхьэкIэ узот гъавэ. Сэри абы сыхуейуэ аратэкъым, ауэ уи цIыхугъэр, уи напэр здынэсыр зэзгъэщIэну арати, укIытэ уиIэу укъыщIэкIащ, - жиIэри гъэр иухыу гъавэ къаIэрыхьэхункIэ ирикъун Тхьэгъэлэджрэ и фызымрэ къаритащ.

Фызым гъавэр Лъэпщ къритауэ къыщыщIэкIыжым, фызыр тхьэ елъэIуащ:

- Ди Тхьэу Тхьэшхуэ,
Мы гъавэр дэ къыдэзытам
И Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр
МафIэм щымышынэу,
МафIэм имысу щIы! - жиIэри.

Фызыр тхьэ зэрелъэIур къыхуищIэрти, Лъэпщ и Iэпкълъэпкъыр мафIэм имыс хъуащ.

Фызым деж къэкIуэжри, Тхьэгъэлэдж жриIэжащ Лъэпщ гъавэр къызэрырита щIыкIэр.

ЕтIуанэ пщэдджыжьым Лъэпщ мафIэ ищIыжырти, и Iэр мафIэм игъэхуабэртэкъым. «Мы сэ си гугъэр гугъэкъым, сэ мафIэм сеIусэфынущ», - жиIэри, Лъэпщ абдежым гъукIэн щригъэжьащ.

Лъэпщ и Iэпкълъэпкъыр мафIэм ису щытакъым.

Апхуэдэурэ гъэ къэсри Тхьэгъэлэдж гъавэшхуэ къытрихащ.

Лъэпщи кърита гъавэ щIыхуэр хуэдипщIу иритыжащ. Абы къыщыщIэдзауэ игъащIэм Тхьэгъэлэдж гъавэ щыщIакъым.



# Амыщ и уэрэд

Амыщу си къан,
Амыщу си нэху,
Хуэдэ и унэр зи щIасэ,
Тхьэм и щIасэри
къигъэщIщ.
ЩIакIуэ ящIри къытокI,
Уи мэлыфэри щэкIыщэу
ВитI зимыIэми хэщахуэ.
Ахэр зи мэлыхъуэфI,
Ахэри зи мэлыхъуэш.
Мин зыбгъупщIри
Абы и бжэнт.
Уи тэхъуанэри
абджыщхъуэт,
Уи мэл къащхъуэри
зэфэгъут.
Мэл джэху цIыкIури
гъунауэт,
Гъунэгъу хъушэм холъадэ.
Зыхэлъэдауэ щауэфIым,
ЩIэх дыдэ гу лъетэ,
Зыхыхьа щауэфIым,
- Уэ мэл джэху цIыкIу,
Иджы умыгузавэ,
Иджы умыгъутхьэпцI,
Иджы умыцIымамэ,
Сэ узейм уестыжынщ.
Мэл джэху цIыкIур
ИкIи гузавэщ,
ИкIи гъутхьэпцIщ,
ЦIымэ мэхыу хэжыжри
Гъунэгъу хъушэм хыхьащ.
Зыхыхьар бзаджэжыти,
ЩIэх дыдэу гу лъитэри,
Зы къумашкIэ ищащ.
И къумашыр и чыкърэ,
КIыкъ жери къикIухьу,
Уэркъ щауэбэм хыхьащ.
Уэркъ щауэбэу зыхыхьам,
Зы джэдабгъи иратащ,
Зы джэдабгъи иратри
Я жыхафэ щытрадзэри
фIагъэжащ.
Лыр фIэныкIэ
къыщихуэм
Я шу джакIуэр хегъэхьэ,
Зэрызехьэу къекIуалIэри
Яшхри зэбгрыкIыжахэщ.

## Мэлэчыпхъурэ Ашэмэзрэ

МЭЛЭЧЫПХЪУ цIыкIур псыхьэ кIуауэ, гуэгуэныр иIыгъыу бжьэпэм щытехьэм, шу къакIуэр илъэгъуащ. Мэлэчыпхъурэ Ашэмэзрэ игъащIэм зэрылъэгъуатэкъым икIи зэрыцIыхуртэкъым. Мэлэчыпхъу плъэри «шэч хэмылъу зи гугъу ящI Iащэмэзыр мыращ» жери игукIэ Ашэмэзыр къицIыхуащ. Ашэмэзри къаплъэри «шэч хэлъкъым, зи хъыбар зэхэсх Мэлэчыпхъур мыращ» жери Мэлэчыпхъур къицIыхуащ.

Шум и гъуэгур зэпимыупщIыну Мэлэчыпхъу къэувыIащ, гъуэгум щынэсым, Ашэмэзри къакIуэурэ, Мэлэчыпхъу цIыкIур и гъунэгъу щыхъум, «Мэлэчыпхъу IуэрыIуэдзу жаIэри зыгуэр жезгъэIэнщ», жиIэщ игукIи, шыр къыжьэдикъуэри еупщIащ:

- МыбыкIэ шы блахуу плъэгъуауэ пIэрэ, дахэ?

Мэлэчыпхъу къыгурыIуащ ар къигъэпсэлъэн щхьэкIэ къызэреупщIар, ахъумэ Ашэмэз шы зэрымылъыхъуэр. Мэлэчыпхъу мыпхуэдэ жэуап къритыжащ:

- Пщэдджыжь мазэр къыщыщIэзым,
Си бжэ дазэр зэIузри
ТепIэн дазэм сыкъыдэплъри,
ПщIэгъуалэр сокупцIэ-сокупцIэу,
ПцIэгъуэплъыр сокупцIэ дамыгъэу,
Къарэр блатхьэхуу,
Зыхури псыпцIэм хэнауэ,
Ижьырабгъу кIашэу,
Шэсырабгъу сокуу,
КIуэрэ-кIуэрэ ущыжу
Апхуэдэ зыгуэрым
Уи адэ Iашэ ихуащ.
А слъэгъуам укIэлъымыкIуэ,
А слъэгъуам укIэлъымыжэ,
УкIэлъыжэми ущIыхьэнукъым

УщIыхьэми упэлъэщынукъым, - жери Ашэмэз и адэ Ашэр Лъэбыцэжьейм иукIыу, и шыбзыр ириудэкIыу хуежьащ. Ар Ашэмэз зыпэмыплъа жэуапт.

- Уэ псори пщIэуэ сытым щыгъуэ укъалъхуа? - жери еупщIащ етIуанэу.

- Къау-къау щыкъакъэу,
Къау-къау щыкIэцIыу,
Къаз джэдыкIэ щыгъуалъхьэу,
ПщIэгъуалэ щыгупкIэу,
IупкIэ мэш къыщахым
И лъэхъэнэм сыкъалъхуащ, - къыжриIащ.

- Дэнэ укъыщалъхуа? - жиIэу щеупщIым...

- Мо унэ хужьу,
Хуэхужьыбэ зыIулъым сыкъыщалъхуащ, - жиIэри и Iэпэр псыхъуэмкIэ ишиящ.

Ашэмэз нэгъуэщI жиIэн имыгъуэту и щхьэр игъэкIэрахъуэри, шым еуэри ежьэжащ. Шур щыблэкIым, Мэлэчыпхъуи псыхьэ кIуащ.

## Мэлэчыпхъурэ Унэджокъуэрэ

ЗЭГУЭРЫМ Мэлэчыпхъу и лIыр, нарт Унэджокъуэ, ныртыжьитI и гъусэу мазэкIэ къэтыну ежьащ. ЗдэкIуам аргуэру зы мазэкIэ щымыIэжу мыхъуу, мазитIкIэ къэтын хуей хъуащ.

Нарт Унэджокъуэ и гъуситIыр къиутIыпщыжащ:

- Гуащэм махуэфIэхъу схуефхыж! МазитIкIэ сыкъэтын зэрыхуейри схужефIэж. Нобэ фынэсу пщэдей фыкъэсыжу фыкIуэж, - жиIэри.

Зыщымыщу бохуцеяпхъуитI Мэлэчыпхъу тыгъэу къыхуригъэхьри, и гъуситIыр къигъэкIуэжащ. БохуцеяпхъуитIыр Мэлэчыпхъу къыхуахьри къэкIуэжащ. Нэсыжри, нартым я пщэ кърилъхьар Мэлэчыпхъум жраIэжащ. ЕтIуанэ махуэм ежьэжын хуейти, лIым жраIэжыну мыр яжриIащ:

- Вагъуэм из,
Мазэм итI,
Тхьэрыкъуэ пщэхуитIым я псэ,



КъуанщIэ фIыцIэжьитIым ягу хыумыгъэщIын - жыфIи лIым схужефIэж, - жиIэри.

ЩIалитIым абы къикIыр къагурымыIуэу, ягъэщIагъуэу, зыщамыгъэгъупщэжын щхьэкIэ жаIэурэ кIуэжащ. Нэсыжхэри, нарт Унэджокъуэ елъэIуащ:

- Тхьэм щхьэкIэ, дэ зыгуэркIэ дынолъэIунущи къыджыIэ, - жаIащ.

- Фыкъызэлъэу, сщIэмэ фызогъэгугъэ вжесIэну, - жиIащ нартым.

- ДынолъэIумэ мыращ:
Вагъуэм из,
Мазэм итI,
Тхьэрыкъуэ пщэхуитIым я псэ,
КъуанщIэ фIыцIитIым ягу хыумыгъэщIын, - жиIэу гуащэм уэ къыпхуиIуэхуа псалъэм къикIыр къыджыIэ, жаIэри.

- БохуцеяпхъуитI фэзгъэхьам зым зы IэфракIэ, адрейм IэфракIитI къыпыфчат? - жиIэри еупщIащ нарт Унэджокъуэ и гъуситIым.

- Къыпытчащ, - жаIащ абыхэм.

- АтIэ зым зы IэфракIэ, адрейм IэфракIитI пачащи, «тхьэрыкъуэ пщэхуитIым я псэ» жыхуиIар гуащэмрэ сэрэщ. «КъуанщIэ фIыцIитIым» жыхуиIэр фэ тIуращи, «Дэ тIум ди псэ, уи гъусэ нартыжьитIым я гугъу умыщIын!» - жиIэу аращ гуащэм и псалъэм къикIыр, - жиIащ нартыжьым.

НартитIым ар ягъэщIэгъуащ, абы иужькIи апхуэдэ зэи ящIэжакъым.

МазитI пIалъэр дэкIри, нартми къигъэзэжащ.

Нартыр къэкIуэжа иужькIэ куэд дэмыкIыу хьэщIэ къахуэкIуащ.

ХьэщIэщыр унэм пэжыжьэт.

Мэлэчыпхъу хьэщIэм хуэфащэ лы Iыхьэр лэпсым хэлъу, лэпс тепхъэри тепхъэжауэ, шыуаным илъу хьэщIэщым ригъэхьащ, адэкIэ и лIым къыхихыжу дахэдахэу Iэнэм трилъхьэну.

Нарт Унэджокъуэ лыр къыхихыурэ хьэщIэ Iыхьэ гуэр къэт хъуащ.

Абы Мэлэчыпхъу деж игъэкIуащ:

- ХьэщIэ Iыхьэр щхьэ къэт хъуа? - жиIэри.

- Пшэр лъэныкъуэ ирагъэзри,
Вагъуэр зэрыз ящIащ, - жыфIи схужефIэж лIым, - жиIащ Мэлэчыпхъу.

Апхуэдэу и лIым щыжраIэжым, гуп зэхэсыр еупщIащ:

- Мыбы къикIыр, Тхьэм щхьэкIэ, къыджыIэ! - жаIэри.

- Абы къикIыр мыращ: лэпс тепхъэр лъэныкъуэ ирагъэзэри, лы Iыхьэр хахащ, - къажриIэжащ нартым.

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар*
**ТАБЫЩ Муратщ.**

# Нартхэ я кхъуауэм и уэрэд

**Уэхьэхьей, уэхьэхьеикъуэ,**
**Уэхьэхьей, уэ кхъуэпIащэжь,**
**Уэ хъущэжь ябгэ,**
**Уэ хъущэжь гуанэ,**
**Джаурыжьхэм урашхын щIасэщ,**
**Мэш губгъуэфIым урилъыхъуакIуэщ,**
**Кхъуауэхэр уилъэхъу-лъэущщ.**
**КхъуэпIащэжьым и къежьэгъуэм**
**Нарт кхъуауэм къыIуощIэ,**
**Къуагъым макIуэри къоувэ,**
**Мэуври зэщIодэIукI.**
**Нартхэ я кхъуауэм кърегъажьэ,**
**Кърегъажьэри къыхедзэ,**
**Къыхедзэри къыжеIэ:**
**- Уэ фIырыфIкIэ укIуэжынукъым,**
**Уэ дахэкIэ ухэкIыжынукъым,**
**Уэ удын уолъыхъуэ,**
**Уэ щIыбыхь зыбохуэ!**
**Ар жиIэурэ кхъуауэр мэшхыдэ,**
**Ар жиIэурэ и сэшхуэхэр кърех,**
**Зынешийри кхъуэхъужьым зынытрешащIэ.**
**КхъуэпIащэжьу плъагъум и гур мэкIуэд,**
**КхъуэпIащэжь гущэми адэкIэ-мыдэкIэ зедз,**
**ДзыпIи жапIи имыIэу къыщынэм мыр жеIэ:**
**- Уэ нартхэ я кхъуауэ лIыхъу,**
**Кхъуауэу щыIэм я лей,**
**Уэри лIы ухэкIщ,**
**Сэри лIы сыкъилъхущ,**
**Ди цIыхухъущхьэ дегъэплъ,**
**Уигу къэплъари гъэIэсэ,**
**Уи Iэщэри зэгъэтIылъэкI,**
**КIыргъ-сыргъ хэмыту дызэгъэпсалъэ.**
**- А, кхъуапIэщэжьурэ тхьэгъэпцI,**
**А, хъущэжьурэ пцIыIуэпцIышэ,**
**Уи псалъэм пэж хэмылъ,**
**Уи жыIэми лъы ирашэ!**
**Узгъэшынэмэ, узэролъэлъ,**
**Зы лъэбакъуэкIэ сикIуэтыжмэ, укъос,**
**Укъызэрысу мэшыр уохъу,**
**Хъугъи щIагъи къыумыгъанэу уогъэкIуэд!**
**А, кхъуапIэщэжьурэ жагъуэжь,**
**А, Тхьэм и жагъуэр зи ужь ит,**
**Хьэсэубэ укъысхуокIуэри,**
**Жылэм сыбогъэуб,**
**Сыбогъэзри сызыбохуэ,**
**Хугъуэу-хуплъу сызыпэрытми**
**ЩхьэкIуэ къыхызох!**
**- Уэ нартхэ я кхъуауэ лIыхъу,**
**Кхъуауэу щыIэм я лей,**
**Уэри лIы ухэкIщ,**
**Сэри лIы сыкъилъхущ,**
**Ди цIыхухъущхьэ дегъэплъ,**
**Уигу къэплъар иризгъэупщIыIуну**
**Кхъуэ быным я тIысыпIэ гуэр**
**уэзгъэлъагъунщ.**
**- А, кхъуапIэщэжьурэ тхьэгъэпцI,**
**А, хъущэжьурэ пцIыIуэпцIышэ,**
**Уи псалъэ пцIы хэмылъу къыжыIэ,**
**КъыжыIи щIэхыу сыгъэлъагъу.**
**Уи хьэсэм сыхэкIыжмэ,**
**СыкъыкъуэмыкIыжынкIэ си тобэщ.**
**- Арамэ нартхэ я кхъуауэ лIыхъу,**
**Кхъуауэу щыIэм я лей,**
**Мы щIыпIэ лейм уикIыжмэ,**
**АдрыщI губгъуэжьым ухэкIмэ,**
**Хугъуэр мэбатэри мэщхьэлъэ,**
**Хуплъыр мэщхьэлъэри мэбагъуэ,**
**ИщхьэлъыкIащи пощэщыж.**
**Ухуеймэ хугъуэжьыр изщ,**
**Ухуеймэ ху цIынэр бащэщ,**
**Изыр пхьынщ,**
**Къанэм укъыкIэлъыкIуэжынщ,**
**Къыптеджагуэу псори ууейщ.**
**Мэзытхьэ и мэзым къыщIэкIыу,**
**ТхьэщIагъ и лъабжьэ къыщIэкIуэсыкIыу**
**Нэхущнэгъым деж Кхъуэхъужь къэкIуэнущ.**
**Хьэсэкъуэр Кхъуэхъужь и тIысыпIэщ,**
**Хьэсэнэр Кхъуэхъужь и шхапIэщ,**
**Пшхыфынумэ, ар къыбжызоIэ,**
**Пхьыфынумэ, ар пхузоIуатэ.**
**- Мы хьэсэм сыхэкIыжмэ,**
**СыкъыкъуэмыкIыжынкIэ си тобэщ,**
**СыблэкIмэ сыкъемыплъэкIынкIэ**
**си псалъэщ.**
**Кхъуауэу плъагъур уэ къожьэ,**
**Къожьэри къокIуэ,**
**КъыздэкIуэм Хьэсэкъуэм къыхохьэ.**
**Маплъэри хупкъэ уагъэхэр къелъагъу,**
**Йоплъыпэри кхъуэ быным и нэ тохуэ.**
**Уэ и шабзэкъур къызэфIедзэ,**
**Уэ и шабзэшэхэр неутIыпщ,**
**Уэ неутIыпщри нахоуэ,**
**Кхъуэ быным инхэр нахеху,**
**Кхъуэ быным цIыкIухэр нахеукIыкI,**
**ЗэрыгъэкIийуэ щызэбгрыжкIэ,**
**Зы цIыкIу сIэщIокIри мэзыжьым холъэдэж.**
**Мэзытхьэ и мэзыр чыхэмыбзэщ,**
**Мэзытхьэ и мэзым шабзэ щамыдз,**
**Ди кхъуауэр зэуэну цIыкIур**
**апхуэдэххэурэ хэлъэдэжащ.**

«Нартхэ я кхъуауэм и уэрэдыр» нэхъ кIыхьыж хъурт, Кхъуэхъужь и тхьэусыхафэр Мэзытхьэ деж щынэсым, кхъуауэм къызэрыкIэлъигъэкIуари, псалъэ пэжищэ жригъэIа нэужькIэ къызэриутIыпщыжари, къыздэкIуэжа жылэм ущхьэкIуэмыдэщ, ущхьэкIуэгъэкIуэдщ, жаIэу а лIым ЩхьэкIуэмыдэкъуэхэр къызэрытекIыжари хэту. Мы уэрэдыр и анэшхуэм деж щызэхэзыхыжари иужькIэ сэзыгъэтхыжари си анэшхуэ Лосэн Iэюб ипхъу Табыщ Мэчэхъанщ.

